

кIвар бугеб суал

Аваро-Кахетиялъул нух кIочонищ тараб?

Стр. 2

спорт!

Абулмуслим ГIабдулатIипов ракIалде щвеялъул турнир



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 17 * октябрь 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.




## Райсобраниялъул тIоцебесеб сессия

**Октябралъул анцIила кIиабилеб къоялъ тIобитIана иргадулаб районалъул депутатазул сессия. Гьеб букIана исанасеб тIоцебесеб, цIиял районалъул депутатазул ва росдал администрациязул цIиял бутIрузул данделъи.**

Нилъеда лъала, цо моцIалъ цере районалда рищана цIиял администрациязул бутIрулги, районалъул собраниялъул депутаталги. ЦIияб законалда рекъон, районалъул депутатлъун гьадингоги щолев вуго росдал бетIерги. БакI-бакIазда хутIана гьоркьоб рукIарал бутIрул, амма гIемерисел администрациязда хисана гьоркь рукIарал ва сессиялда лъай-хъвай гьабуна цIиял бутIрузулгун депутатазул.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб цо суал букIана ноябралда рукIинесел районалъул бетIерасул рищизе конкурсалъулаб комиссия бищи. Гьеб гуреб, сессиялда нахъойги, районалъул собраниялъул председателлъун вищана гьоркьгоги гьеб хъулухъалда вукIарав ГIабдуллаев ГIабдулагь.

Киналго депутатаз кверал рорхана гьеб хIукмуялъе. Данделъиялда гьабуна кIиго батIияб администрациялъул цIияб хIукму депутатаз. Гьеб кинабго цIализе бегьила гьаб ГIабдулагьил докладалда.

✽ цIиял харбал

## Рагъулаб комиссариаталъул цIияв нухмалъулев



**МухIамад МухIамадов гьавуна 1966 соналъ ЧIарада районалъул ХIинуб росулъ. 1993-абилеб соналъ лъугIана анцIабилеб класс ва гьебго соналъ витIана вехьлъун хIалтIизе Орджоникидзе колхозалде.**

1994-1996 соназда тIубана тIадаб рагъулаб хъулухъги Новосибирскиялда. 1996-абилеб соналъ лъугьана ДГУялъул историялъул факультеталда, гьенибго лъугIизабуна рагъулаб кафедраги. 1996-2003-абилел соназда хIалтIана налоговияб полициялдаги, гьенив хIалтIулаго лъугIана ДГУялъул юридический факультетги. Гьелдаса хадув лъабго соналъ хIалтIана историялъул мугIалимлъун. «2009-2012-абилел соназда хIалтIана Дагъистаналъул рагъулаб комисариаталда, контрактазул службалъул нухмалъулевлъун.

Гьелдаса хадув кIиго соналъ хIалтIана Кизилюрт шагьаралъул военкомлъун. Гьале гьаб моцIалъул байбихьудаса нахъе, Дагъистаналъул рагъулаб комисариаталъул амруялда рекъон, витIана ЛъаратIа районалде. Хъизан-рукъалда вуго, тарбия кьолеб буго кIиго лъимералъе. Цойги нухалъ баркула МухIамадида цIияб хъулухъ ва гьарула гьесие хIалтIулъ кIудиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**

## ЛъаратIа росулъ нухал цIигьарулел руго

**Гьале исанаги ЛъаратIа райцентралъул къватIахъ нилъеда бихьулеб буго бакIаб техника, хъил тIеялъул хIалтIи гьабулел кIудиял катокал, батIи-батIиял машинаби ва трактораль.**

Гьоркьисеб соналъул хасало ракIалда буго, Лъилукь росдал рагIалдаса байбихьун районалъул администрациялъул минаялде цебе щвезегIан бицатаб, кIиго нухалъ гIодоб тIад хъил тIун, цIигьабун букIана ЛъаратIа росдал аслияб къватI.

ТIаде хаселги щун, гIазуги бан, квачги ккун гьоркьоб хутIун букIана гьеб хIалтIи, ЦIемар-ЛъаратIа нухги лъугIичIого. Гьеб кутакалда лъикIаб, цебего гьабизе кколеб хIалтIи букIана, районалъул центр хIарщудасаги хIуралдасаги бихьизе бегьулеб хIал букIинчIо.

Районалъул нухмалъиялъ гьоркьисеб соналдаса нахъе кIудияб кIвар кьуна гьеб хIалтIи рагIалде бахъизе, гьелдаса кIудияб кумек буго кьищниялдаса къватIал цIунизеги.

Гьединго къватIал рацIад гьаризе хIалтIизе буго цебеца къватI бацIцIунеб щеткаги хулараб трактор.

**Расул АБАКАРОВ**

## Байил Шайихасул хабада зиярат

**Октябралъул 13-абилеб къоялъ нилъер районалъул кинабго нухмалъиги ва гьединго тIолалго районалъул администрациязул бутIрулги, киналго идарабазул нухмалъулгун гьезул хIалтIухъабиги сапаралъ рахъана Байил Шайихасул хабада зияраталъе.**

Хидиб росулъа гIага-шагарго цокIиго киллометралъ рикIкIад батила шайихасул хоб. ГIицIго зиярат гуреб, цоги кIвар бугеб гIилла букIана гьенире щвеялъул. Республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповас кIвар цIикIинабуна, рикIкIада мугIрул ахада Байил шайихасул хабада зияраталъе рачIарал гIадамазе бигьалъаби чIезариялъе. Гьесул ва цо сахаватав, квер гIатIидав чиясул (гьес жиндирго цIар, садакъа хиралъиялъул мурадалда рехсогеян абуна) кумекалдалъун, машинаялъ рехана гIемераб хьарщицIул, махх, балкаби ва цоги хIажатаб щинаб материал.

ТIаса тIохги бугеб, гIодор чIезе скамейкабиги ругеб бакI балеб буго шайихасул хабада аскIоб, зияраталъе щварал гIадамал гIодор чIезе.

Зиярат бугеб бакIалдаса машиналъул нух бугезухъе щвезегIан буго цо киллометралъул нух, гьениса баччизе кколеб буго кинабго материал.

Кинавниги районалъул нухмалъиялдаса гьениве гьеб материал баччизе щвана 150 чи.

Гьезул жигарчилъиялъ тIубараб къоялъ хIалтIун щвезабуна кинабго материал хIалтIи гьабулеб бакIалде. Кутакалда берцинаб ва цолъараб хIалтIи гьабуна, цIад балеб, накIкI лъураб къо букIаниги. ХIалтIи лъугIун хадуб киназго цадахъ жамагIат гьабун какги бан, мавлидги ахIун, динияб идаралдаса гIолохъабаз вагIза-насихIатги цIалун лъугIизе тана кири гIемераб иш.

Гьединго киналго ракIарарал хIалтIухъабазе баркала кьуна районалъул бетIер МухIамад ГIалихановас ва районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас.

**НИЖЕР МУХБИР**

# Филиал ЗАО ВТБ Медицинское страхование в Республике Дагестан предлагает гражданам оформить полис ОМС единого образца

Обращаем Ваше внимание, что с 11 апреля 2014 года ЗАО МСК «Солидарность для жизни» изменило наименование на ЗАО ВТБ Медицинское страхование филиал в Республике Дагестан. Компания входит в Группу ВТБ Страхование, крупнейшую страховую компанию с государственным участием.




Филиал ЗАО ВТБ Медицинское страхование в РД предлагает гражданам получить полис ОМС единого образца, как в форме бумажного бланка, так и в форме пластиковой карты с электронным носителем. Кроме того, в офисе в г. Махачкала можно оформить полис ОМС в составе универсальной электронной карты.

Полис ОМС единого образца (любой формы) является бессрочным, действует на территории всей Российской Федерации и оформляется **БЕСПЛАТНО!**

**ДЛЯ ПОЛУЧЕНИЯ ПОЛИСА ОМС ЕДИНОГО ОБРАЗЦА НЕОБХОДИМЫ СЛЕДУЮЩИЕ ДОКУМЕНТЫ:**

- для граждан РФ: паспорт (обязательно), СНИЛС (пенсионная пластиковая карта - при наличии);
- для детей до 14 лет – свидетельство о рождении и паспорт одного из законных представителей - родителей (обязательно), СНИЛС (при наличии);
- для детей от 14 до 18 лет – паспорт ребенка и паспорт одного из законных представителей – родителей (обязательно), СНИЛС (при наличии).

ОДНОВРЕМЕННО:

## Убедительно просим жителей

населенных пунктов района, ранее (более 45 – 60 дней) оформивших временные свидетельства, прийти в пункт выдачи полисов в сел. Тлярата и забрать готовые полисы ОМС нового образца.

ЗАО ВТБ Медицинское страхование имеет бессрочную лицензию на осуществление обязательного медицинского страхования на территории 86 регионов Российской Федерации (С № 0257 77 от 16.05.2014 г выдана Центральным Банком РФ).

*Адрес Филиала ЗАО ВТБ Медицинское страхование в Республике Дагестан: 367000, г.Махачкала, ул. Ш.Алиева 4а, 4 этаж.*

*Телефон горячей линии: 8-800-333-222-5 (звонок бесплатный).*

*Контактный телефон: 8-8722 56-76-06.*

*Телефон отдела по защите прав застрахованных: 8-8722 56-76-05.*

# ТIадаб медицинаялъул страхованиялъул системаялда страхование гьабурал гражданазул ихтиярал кин цIунулел?

## медицинаялъул страхованиялъул полис кодоб бугезул ругел ихтиярал:

- медицинаялъул кумек щвезе тIадаб медицинаялъул страхованиялъул Программаялда бихьизабураб мухъида рекъон;

- врачасухъе щведал жиндирго ругел ихтияразулги жинда тIадал жалазулги баян щвезе, ва гьединго жиндирго бугеб гIузруялъул хIакъалъулъ баян щвезе, гьеб баян кьезе жиндиего къваригIун бокьарав чи вихьизавизе;

- сахлъиялъул халгьабизе, дару гьабизе, рукIине кколел санитариял нормабазда рекъарал ресал тIалаб гьабизе жанив вегараб бакIалда;

- хIурмат-адаб бугеб бербалагьи тIалаб гьабизе медицинаялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан;

- бокьарав врач тIаса вищизе гъосул разилъи тIалаб цIехон, бокьараб больница тIаса бищизе медицинаялъул страхованиялъул системаялда гьоркьобе унеб;

- консилиум ахIизе, цоги специалистазул консультация тIалаб гьабизе;

- гIузруялдалъун бугеб унти, яги операция гьабун хадусеб унти бугонани, гьеб бигьалъиялъе кумек тIалаб гьабизе;

- медицинаялъул кумек къваригIун врачасухъе вачIин, сахлъиялъул ахIвал-хIал, батараб гIузру ва цоги батараб хIужа балъго тей;

- медицинаялъул кумек гьабулаго сахлъиялъе зарал ккани, гьелъухъ рецIел тIалаб гьабизе.

ТIолабго Программаялда бихьизабураб медицинаялъул кумек щвеялъул ихтиярал цIунула тIадаб медицинаялъул страхованиялъул системаялъ. Районалъул гIорхъабазда босани, ругел ихтияразул гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи ккола районалъул медстрахованиялъул организациялъул (СМО – страхование гьабулеб компания) ва ТIадаб медицинаялъул страхованиялъул республикаялъул фондалъул районалда бугеб филиалалъул бищунго аслияб масъалабазул цояблъун.

Медицинаялъул кумек хIажалъидал захIмалъаби рукIунел ругонани, тIоцебе хитIаб гьабизе ккола гьеб учреждениялъул бетIерав хIакимасухъе (бетIерав врач, гьесул заместитель, отделениялъул заведующий), гьезда тIадаб буго медицинаялъул кумек къваригIун рачIаразул ихтиярал цIунизе.

Гьениб кумек щолеб гьечIонани, бухьен гьабизе ккола телефоналдасан яги хъван гIарзагун рачIине ккола ДРялъул ТФОМСалъул филиалалде. Ах|изе бегьула гьаб номералда рекъон 8(960)412-48-70

Гьенисан щвараб кумекалда рази гьечIони ине ккола районалъул администрациялде, ва районалъул судалде. 2015 соналда ДРялъул ТФОМСалъул районалъул филиалалде букIана 16 хитIаб, гьезда гьоркьосан 4 гIарза. Хал гьабидал к|иго гIарза батана хIакъикъияб, гьелги тIуразаруна пациентал разияб хIалалъ, судалде ккечIого.

Поликлиникаялда яги больницаялда гьабураб хъулухъалъухъ , дарабазухъ мухь тIалаб гьабун бугонани, яги дараби росизе ккун ругонани, чек нахъе цIунизе кола. Нужеца кьураб гIарац тIад буссинабизе захIмат букIуна чек гьечIонани.

**С. РАДЖАБОВА ,**
**ДРялъул ТФОМСалъул Лъарата районалъул филиалалъул нухмалъулей**

# Аваро-Кахетиялъул нух кIочонищ тараб?

**МагIарухъа Гуржиялъе нух бахъизе бугилан хабар баккун букIана кIиго соналъ цебе. Гъоркьисаги гьелъул хIакъалъулъ гIемер бицунеб букIана, амма ахираб заманалда нухлул хабар къотIана. Бахъулеб бугищ гьеб, кида лъугIизе бугеб ва рес бугищ гIагараб заманалдаса ЛъаратIаса Кахетиялде машинаялда рекIун инеяли лъазабуна «ЛъаратIа» газеталъ.**




Аваро-Кахетиялъул нух бахъизе ккеялъул хIакъалъулъ Дагъистаналъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповас абуралдаса нахъе ана кIиго сон. ЛъагIелалъ цебе республикаялъул нухлул агентствоялъул нухмалъулев Загьид Хучбаровас нухлул проектцин бихьизабун букIана журналисталги ракIарун. Шамил районалда гьеб нухлида хIалтIизабизе хъил тIолеб заводцин биччан букIана. Проекталда рекъон нух ине кколаан Шамил мухъалдаса ЛъаратIа, БежтIа мухъазде ва гьениса Гуржиялъул гIорхъоде. Амма гьабсагIаталда гьеб нухлул хIакъалъулъ хабар къотIана. Я информалатазда, ялъуни хIукуматалъул документазда гьеб нухлул хIакъалъулъ щибниги бицунеб гьечIо.

Нухлул агентствовоялъ кьурал баяназда рекъон, нух бахъиялъул планалдаса лъицаниги инкар гьабун гьечIо. Проект цIакъго багьа кIудияб буго, улкаялда экономикияб ахIвал-хIал лъикIаб гьечIебгIан мехалъ гьеб нух бахъиялъул суал заманаялъ нахъбахъун тезе рес бугоян абулеб буго нухлул агентствоялъул жавабалда.

ГьабсагIаталда абуни бахъулеб буго мугIрузул районазул централде хъил тIураб нух щвезабиялъул программаялде рекъон цIияб нух. Гьелъул 12,5 км гьабсагIат бахъун лъугIун буго. Гьеб нух унеб буго тIадехун рехсараб Аваро-Кахетиялъул нухлуда жанибе. ГьабсагIаталда Аваро-Кахетиялъул нухлул проект тасдикъ гьабун гьечIо ва гьелъие бихьизабураб гIарац гьечIо. Жеги нухлул идараялда абуна, Гуржиялъул нухмалъулезгун гьеб нухлул хIакъалъулъ щибниги дандбан гьечIин, кIиго пачалихъалъул даражаялда роцIцIине кколеб суал бугин гьебилан.

Кинабха бугеб гьеб нухлудахун бербалагьи Кавказалъул бал бахъун доб рахъалда, ай Гуржиялъ абураб суал кьуна нижеца Тифлисалда чIарав журналист Олег Панфиловасе. Гьес абуна, Гуржиялъги нухлул хIакъалъулъ гIемер бицунеб гьечIин, амма ругин гьелъул рахъ кколелги, гьелдаса Гуржиялъе зарал, хIатта хIинкъицин бугин рикIкIунелги.

Олег Панфилов «Оппозициялда ругел, ай цеве вукIарав президент Михаил Саакашвилил рахъ кколел чагIаз абулеб буго, гьеб нух бахъиялъулъ жидеда Гуржиязул пачалихъалъе хIинкъи бихьулеб бугин. Гьаниб абулеб буго, Россиялъулгун лъикIал гьоркьорлъаби гьечIебгIан мехалъ нухлул бицине гIедегIулел гьечIин. Амма батIибатIиял гIалимзабаз, кавказоведаз ва экономистаз рикIкIунеб буго, гьеб нухлуца кIудияб кумек гьабизе бугин Гуржиялъул экономикаялъе. Гьез абулеб буго Кавказ цогояб бугин, рукIине кколин щулиял экономикиял, культуриял бухьенал, Кавказ цогояб геополитикияб регион хIисабалда цебетIезе кколин. ХIакъикъаталда гьабсагIат Гуржиялъ унел руго батIи-батIиялъ лъугьа-бахъинал ва гьеб нух гIемерисезда кIочон буго. Гьеб нухлуда тIад хIалтIулел чагIиги гьечIо щалниги. Гьанжесеб Гуржиялъул хIукуматалъеги гьелъул кIвар гьечIо, дир хIисабалда, ахирал соназда бюджеталъул кризис буго».

Нух бахъизе кколилан хабар баккарабго гьеб ишалъе къимат гъоркьисаго кьун букIана Гуржиялъул хIукуматалъул вакилзабаз. Экономикаялъул министр Георгий Квирквиашвилица бицунеб букIана нух бахъи лъикIаб тадбир бугин, гьеб букIине бугин Северияб Осетиялъулгун гIорхъода бугеб «Ларс» абураб контролалъул пункт хисизе бегьулеб нух. Ларсалда цIакъго гIемер ккола гIазу бан нухал къаялъул хIужаби, гьелъ бухьен къотIизабула кIиго пачалихъалъул ва бизнесалъе квал-квал гьабула. Нухал гIемер ругебгIан лъикI бугоян абун букIана гьес. Амма къватIисел ишазул министр Майя Панджикидзеца абуна, гьеб суалалда тIад ургъизе кколин, Гуржиялъе Россиялъул рахъалъан нух бахъизе кколин лъицаниги абичIин.

Дагъистаналъул нухлул идараялъ гьабсагIаталда хIалтIаби гьарулел руго Шамил районалда. ЛъагIалил ахиралде гьел щвезе ккола ЛъаратIа районалде. Нух БежтIа районалде щун хадуб гурони Аваро-Кахетиялъул нухлул хIакъалъулъ бицине цудунго бугилан лъазабуна нухлул агентствоялъул нухмалъулев Хучбаров Загьидица гьал къоязда «РИА «Дагестан» агентствоялда букIараб пресс-конференциялде. БежтIаса Гуржиялъул гIорхъоде щвезегIан буго 22 км. Районазде нух щун хадуб гьеб суал цIидасан кIиго пачалихъалъ борхизе букIиналда ракIчIун буго нухлул идараялда. Щиб лъалеб, доб заманалде Гуржиялъулгун гьоркьорлъабиги жеги лъикIал рукIине рес буго.

**Рамазан РАЖАБОВ**

*Дин ва гIумру*

# Бокьани гъабун, бокьичIони тун данде кколаро

**Жакъа нилъ ругеб гьаб заманалъул пикру гьабурав чиясда якъинго бихьулеб буго нилъер дунявияб рахъ гIемерго лъикIлъун бугебльи. Мисалалъе босизе бегьила кваналебги, ретIулебги, рекIунебги, минабиги ва гIемераб цогидабги. ТIадегIанав Аллагьас нилъее, нилъер умумуздаса лъикIал-тIокIал рукIун кьурабищха гьабгощинаб нигIмат? Узухъда, батилин кколаро. Нилъер хIалбихьизе, щукру гьабулищали кьураб батилин ккола.**

Бичасул Аварагас ﷺ сардилъ тIаде вахъун хIатIал гьорозегIан Аллагьасе ﷺ щукру гьабураб мехалда жиндаса Аллагь ﷺ разилъаяй гьесул хъизан ГIайишатица цIехон буго: "Я Бичасул авараг, щай дуца гьеб захIмат баччулеб Аллагьас ﷺ дур мунагьалги чурун рукIаго", - ян. Аварагас ﷺ абун буго: «Дун Аллагьасе ﷺ гIемер щукру гьабулевлъун вукIине ккеларищ», - илан. Нилъер бугеб гьабгощинаб нигIмат Бичасул Аварагасул заманалда букIараб жо гуро. Я машинаби рукIинчIо, я рахIатал минаби рукIинчIо, я телефонал-компьютерал рукIинчIо, я кьер-кьераб ретIел букIун батиларо. Гьебгощинаб нилъее кьурав ТIадегIанав БетIергьан вуго жив кидагосев, абадияв, жиндир авал-ахир гьечIев, сундениги хIажалъуларев, кинабго бихьулев, лъалев, ратIулев. Гьединал камилал сипатал жиндир ругев.

Аллагьас ﷺ битIараб нухда лъурав чи лъиданиги къосинавизеги кIоларо. Гьес къосинавурав битIараб нухде цIазеги лъихъаго бажаруларо. Исламалда ратиялъухъги, Къуръан- хIадисалда нахърилълъараллъун ратиялъухъги, МухIамад аварагасул ﷺ умматалдаса ратиялъухъги, нилъ битIараб нухде рачиналъе сабабаллъун жал ругел хIакъикъиял устарзаби ратиялъухъги, гIурхъи- хIад гьечIеб рецц гьабизе ккола диналъул вацалги яцалги.

Шагьаразда хасго халлъулеб буго нилъерго диналъул яцазул бихьиназда релълъенлъи гьабулеб ретIел, хасго тIажал, цере лъураб рас.

Диналъул вацал!

Гьабе вагIза- насихIат рокъоб живжив чияс нилъер ясалгун яцаллъидал гьол. ШаригIаталдаса нилъ руссунел ругони, щибго щакльи гьечIо Аллагьас ﷺ нилъеда тIаса гьаб нигIматги босун балагьал риччаялде. Гьеб нилъеда аваргабазул къиссабаздасан цIалараб, лъалеб иш буго. Гьалдаса цIикIкIун къваригIунцин гьечIин ккараб хIал буго.

Жакъа гIадин тагиян Аллагьасда ﷺ гьардезе ккараб хIал буго. Алжан дунялалда гьабизе лъугьарав чиясдаса ахIмакъав чиги вукIунев ватиларо. Нилъер муфти АхIмад-хIажи афандияс (къ.с) цо данделъиялда хIал щун абулеб рагIана жив вукIанила нугIлъун кIиго машина цоцазда хъваялъул хIасилалда, гьел машинабазул матIаби рекун кIиго бусурбанчи цоцада чIваялде ккеялъул хIужаялъул.

**Диналъул вацал ва яцал!**

Аллагьасе ﷺ гьабулеб лагълъи бокьараб мехалъ гьабун, рихараб мехалъ толеб жо букIунареблъи лъазе ккела. ТIадегIанав Аллагьас нилъее диналъул бичIчIиги, щукру гьабизе гIакълуги кьеги.

**ХIусен САГIАДУЛАЕВ**

# Имам вищиялъул къагIидаби ва имамасе мутIигIлъизе тIалъи

**ШаргIалда имам вищиялъулункъо батIияб къагIида:**
**ГIемерисел гIадамаз вищи.**
**ГIемерисел абураб рагIиялъул магIна ккола, бащалъиялдаса цIикIкIарал гIадамазул къокъайин абураб.**
**Гьеб къагIидаялъ вищана хирияв аварагъ, хун хадуб жинда Аллагь разилъаяв Абу-Бакар асхIаб.**

2. Цеве вугев имамас жинцаго, гIадамал хадур рилъунев, гьездехун сиясат гьабизе лъалев чи, къотIи гьабун, тIаса вищи. ГьелдалъуН гIадамазда тIалъула имамасе мутIигIлъизе ва гьесда нахърилълъине. Гьедин вихьизавун вукIана жинда Аллагь разилъаяв Абу-Бакар- асхIабас ГIумар-асхIаб халифлъун ва бусурбаби гьелда тIадрекъана.

3. Цеве вукIарав имамас рихьизарурал хасал гIадамаз вищи. Гьедин вищана жинда Аллагь разилъаяв ГIусман-асхIаб. ГIумар- асхIабас рихьизарун рукIана, жидер гIелмуги гIакълуги камилал, гIадамазда гьоркьоб машгьурлъиги къадру-къиматги бугев анлъго чи. Гьез халифлъун ГIусман-асхIабги вищана.

4. Жинцаго бетIерлъиялда кверщел бати. Гьединаб къагIида букIуна, бусурбабазул бетIерги гьечIони, гьезда гьоркьоб рагIи цолъи, дандеккунгутIи бугони ва цонигияв бетIерлъун тезе гьел разилъулелги гьечIони. Гьединаб хIалалда ихтияр буго, жиндир гIасабият бугев, бусурбаби шаргIалда рекъон цере рачине ва гьесдехун сиясат гьабизе кIолев чиясе, гьеб бетIерлъи тIалаб гьабизе. Гьеб мехалъ гIадамазе мутIигIлъиялде лъугьинчIого рес букIунаро, я жалго разилъун, яги хIал гьабун.

## Имамасе мутIигIлъизе тIалъи

Нилъеда тIад тарав имамасе мутIигIлъи тIадаб букIиналда хурхун рачIарал Къуръаналъул аятал ва аварагасул хIадисал гIемерал руго. ТIадегIанав Аллагьас сурату «Нисаъалда» бусурбабазда амру гьабун абулеб буго: «Ле, иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасе мутIигIлъе, гьединго нужехъе витIарав аварагасеги мутIигIлъе, нужеда тIад тарал бутIрузеги мутIигIлъе», - абун. Бухарияс бицараб хIадисалда хирияв аварагас абулеб буго: **«Щив чи вугониги дие мутIигIлъун, гьев вуго Аллагьасе мутIигIлъарав чи, щив чи вугониги дие гIасилъун, гьев вуго Аллагьасе гIасилъарав чи. Щив чи вугониги тIад тарав бетIерасе мутIигIлъун, гьев вуго дие мутIигIав чи, щив чи вугониги тIад тарав бетIерасе гIасилъун, гьев вуго дие гIасилъарав чи»**, - ян.

Гьединго Бухарияс бицараб хIадисалда абулеб буго: **«Нуж нужеда тIад тарав бетIерасухъ гIенекке ва гьесие мутIигIлъе, гьев бетIер кигIан хIакъирав, гIодовегIанав, чIегIерав, гьитIинаб бетIералъул хIабашиязул лагъ ватаниги»**, - абун.

Свалат-салам лъеяв аварагас жинда Аллагь разилъаяв Абу-ГъурайратиДе хитIабги гьабун абуна: **«Мун тIад тарав бетIерасухъ гIенекке ва гьесие мутIигIлъе захIмалъиялъулъги бигьалъиялъулъги, мун рази вугеб мехалъги, рази гьечIеб мехалъги, мун къезавун цогидасе хIукму гьабураб мехалъги»**, - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абу-Зарица абуна: «Дида хирияв аварагас васият гьабуна, тIад тарав бетIерасухъ гIенеккейин ва гьесие мутIигIлъейин, гьев кигIан хIакъирав, жиндир мегIер, гIундул къотIарав лагъ вугониги», - абун.

Бухарияс бицараб цогидаб хIадисалда буго: **«Нуж Къуръан-хIадисалда рекъон рачунев лагъ нужеда тIад бетIерлъун тани, нуж гьесухъ гIенекке ва гьесие мутIигIлъе»**, - ян.

Самитил вас ГIубадатица бицараб хIадисалда буго: **«Нижеца аварагасе къотIи гьабуна, тIад тарав бетIерасухъ гIенеккизе ва гьесие мутIигIлъизе захIмалъиялъулъги бигьалъиялъулъги, ниж рази ругел мехалъги, рази гьечIел мехалъги, нижеда тIад хIукму гьабураб мехалъги. Гьединго, нижеца къотIи гьабуна агьлулъун ругел гIадамазухъа бетIерлъи бахъичIого тезе ва ккараб бакIалда гIайибчIваялда хIинкъичIого хIакъаб рагIи абизе»**, - ян.

## Имамасе хилифлъи гьаби

Гьаб цебе рехсараб, тIад тарав бетIерасе мутIигIлъи ва гьес абураб рагIи билълъанхъизаби тIадаб буго щивав бусурбанчиясда, гьев бетIерас Къуръан-хIадисалде хилиплъи гьабулеб жо абулеб гьечIебгIан мехалда.

Амма гьев амирас Къуръан-хIадисалдаса бахъараб жо абулеб бугони, гьеб мехалъ гьесие мутIигIлъизе бегьуларо. Щайгурелъул, хирияв аварагас хIадисалда абулеб буго **«Аллагьас бижараб махлукъалъе мутIигIлъи гьечIо, живго БетIергьанасдеги гIасилъун»**, - абун.

Гьединго, Бухарияс бицараб хIадисалда буго: **«Дуда Аллагьасе гIасилъиялдалъун амру гьабураб мехалъ, гьениб гIенекки ва мутIигIлъи гьечIо»**, - ян.

Мисалалъе, гIаракъи гьекъеян, как бачIого теян амру гьабуни, бусурбанчиясда тIалъула гьеб амруялде данде вахъине ва гIайибчIваялда хIинкъичIого хIакъаб рагIи абизе.

**ИСРАФИЛ-ХIАЖИ**


РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН»
368420, Тляратинский район тел. (8265) 3-42-34; 3-42-05. с. Тлярата
от «12» 10 . 2015 г. №01

**Решение**

**Сессии районного Собрания**

**Об избрании председателя Собрания депутатов МР «Тляратинский район»**

На основании Устава МР «Тляратинский район» статья 24 пункт 3 сессия районного Собрания **решает:**

1. Избрать председателем Собрания депутатов МР «Тляратинский район» депутата районного Собрания от сельского поселения «сельсовет Шидибский» Абдулаева А.С.

**Глава МР «Тляратинский район»**
**Председатель Собрания депутатов** **М. Алиханов**


РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН»
368420, Тляратинский район тел. (8265) 3-42-34; 3-42-05. с. Тлярата
от «12» 10 2015 г. №02

**Решение**

**сессии районного Собрания**

**О назначении конкурса по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район»**

На основании Устава МР статья 30 пункт 2 и в соответствии Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район»» принятого решением Собрания депутатов МР «Тляратинский район» от 07.09.2015 года за №3 сессия Собрания депутатов решает:

1.Назначить конкурс по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район» 12.11.2015г в с.Тлярата зале заседаний администрации района.

2.Уведомить главу РД об объявлении конкурса и начале формирования конкурсной комиссии.

3.Опубликовать настоящее решение в газете «Тлярата».

**Председатель районного Собрания**
**МР «Тляратинский район»** **А. Абдулаев**


РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН»
368420, Тляратинский район тел. (8265) 3-42-34; 3-42-05. с. Тлярата
от «12» 10 2015 г. №03

**Решение**

**сессии районного Собрания**

**О назначении конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район»**

На основании Устава МР и в соответствии Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район»» принятого решением Собрания депутатов МР «Тляратинский район» от 07.09.2015 года за №3 сессия Собрания депутатов решает:

1. Назначить конкурсную комиссию по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район» в количестве 6 человек.
2. Назначить половину конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы МР «Тляратинский район» :
   1. Абдулатипова Абаса Гаджимурадовича.
   2. Идуратова Ахмеда Гаджимагомедовича.
   3. Рамазанова Курбана Гасановича.

3. Уведомить главу РД об объявлении конкурса и начале формирования конкурсной комиссии.

4.Опубликовать настоящее решение в газете «Тлярата».

**Председатель районного Собрания**
**МР «Тляратинский район»** **А. Абдулаев**



25-26-абилеб сентябралда тIобитIана Гъебгъуда росулъ волейболалъхул турнир. Гъеб букIана Россиялъул лъайкьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан Абулмуслим ГIабдулатIипов ракIалде щвеялъул волейболалъул турнир.

# Абулмуслим ГIабдулатIипов ракIалде щвеялъул турнир

Турнир гIуцIана Дагъистаналъул волейболалъул федерациялъ. Гъеб турнир щибаб соналъ тIобитIизе батила, цо рахъалда гъев мунагьал чураяв ракIалде щвезе ва цойги рахъалъ гIун бачIунеб гIелалъе мисал, спорталдехун рокьи бижизаби ва мугIрузул районалда торгIохIай цебетIезабеги. Гъеб турниралда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул бетIер, живго Абулмуслимил вац, Рамазан ГIабдулатIиповас, волейболалъул федерациялъул президент Ражаб ГIабдулатIиповас, волейболалъул фдерациялъул директор Муслим Атаевас, районалъул нухмалъулез ва цоги гьалбаз ва спортсменаз.

Турниралъул жеребевка гьабун букIана МахIачхъалаялдаго, гьелда рекъон гIахьаллъизе кколаан микьго команда, амма кIиго хIай лъугIун хадусала тIаде щвана Ибрагьим-отаралдаса команда, гьединлъидал дагьаб хиса-баси гьабизе ккана. ХIасил-калам, турниралда гIахьаллъи гьабуна ичIго командаялъ, ай Гъебгъуда, Хидиб, ЛъаратIа, Кутлаб, Хадиял, Къардиб, Мазада, Ибрагьим-отар, Роснob командаз. Суд гьабулелги рукIана волейболалъул федерациялдаса рачIарал чагIи. Унго-унгояб кьеркьей букIана командабазда гьоркьоб. ЦIакьго хIалуцараб ва берцинаб хIай букIана Мазада ва Хадиял командабазда гьоркьоб. Мунагьал чураясул хIакъалъулъ бицунеб букIана республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас, магIарухъ гьабураб турниралъул берцинлъиялъул. КIалъазе рахъараз бицунеб букIана Абулмуслимил лъаялъул, гьесул гIаданлъиялъул, кIудиязе гьесул букIараб адабалъул, гьесул спорталдехун букIараб рокьул. ЛъикIго хIалаан гьес волейболги, махшел букIана шахматал хIазеги, цIакьго лъикI хIалаан шашкабиги, унго-унгояв футболалъул болельщик, махсарочи.

Политикиял гIелмабазул доктор, профессор, социалиял гIелмабазул рахъалъ Россиялъул академиялъул член, ГIабдула МухIамадовас хъвалеб буго гьадин: Абулмуслим вукIанила лъаялда тIад чIарав унго-унгояв тарихчи, цIакьго спорт бокьулев, гIатIидаб ракIалъул, берцинаб махсароялъул чи, кидаго ва кивго сабруяв, гIадамазда ракI жубарав, гьобол-гьудул хирияв инсан. Жиндасан гьев ватIалъанин, рекIедасан гьев кидаго жиндаса ватIалъиларин». Гьединго ГIабдулагьица баркала кьолеб буго Ражаб ГIабдулатIиповасе, Абулмуслимил хIакъалъулъ хъвазе жинда божи гьабиялъухъ.

## Турниралъул хIасилал:

**ТIоцебесеб бакI ккуна Хадиял командаялъ, гьезие кьуна 100000 гъурущ гIарац. КIиабилеб бакI ккуна Гъебгъуда командаялъ-80000 гъ.гIарац. Лъабабилеб бакI ккуна Къардиб командаялъ, гьезие щвана 60000 гъ.гIарац. ТIадекIанцIиялъул бищунго лъикIасе кьуна 10000 гъ. гIарац ва гьединго бищунго лъикI цIуни гьабулесе, блок лъолесе ва бищунго херав игрокасеги кьуна анцI-анцI азарго гъурущ гIарцул. Гьединго Рамазан ГIабдулатIиповас церехун рехсаразе кьуна кубокал ва сагIтал.**

ЧАКЪАЛОВ

*МагIарулазул халкъияб кIалзул гьунар*

## Хоноги цIумги ва пашманаб хIасилги

Цо пуланав чиясда гIалхуда батула цIумил хоно. Рокьобе босула гьес гьеб ва къурущалда (гIанкIуялда) гьоркь лъола. Заманаялдаса гIанкIуялъул тIанчIазда цадахъ, цIумил тIинчIги бачIуна бусадаса къватIибе.

ЦIум хехго кIудияб гIуна, амма пайда щиб, гьеб тIубараб гIумруялъ азбаралъуса багъаричIо, жиб хIелеко бугилан пикруги гьабун. ХучIхабаралда вукIун хважаинасги гьелде кIвар кьечIо.

Ана сонал, сверана сагIтал ва цIум херлъана. Ва гьале цо нухалда гьелда бихьана цIакъ борхатго гьаваялда тIавап гьабулеб гьабатаб хIинчI. Гьелъ берцинал, къуватал ва гучал куркьбаз, бигьаго рорлъана цIадал накIкIал, гьорол карачелалги копоего нахъ чIвана, гIемераб мехалъ куркьби ргъаризецин гьарулароан. РухIдалго балагьун хутIана хераб цIум зодибе. Гьадаб хIинчIго щиб кколеб? - абун пашманаб гьаракьалъ цIехана гьелъ аскIоб букIараб гIанкIуялда.

ЦIум кколa, тIолго хIанчIазул хан ва зобалазул хважаин абун кьварун жаваб кьуна гьелъ. Ва амма дуца гьелъул пикруго гьабуге, нилъер ишпиша цIакъ бигьаяб буго. Рощнолъа мугьал рищулеб, кьечани гьадринибе гозо бегье, вассалам вакалам.

ГIадалаб цIум хераб гIанкIуялъул къукI-къукIиялъухъ гIенеккун чIана ва жиб релъукъаб, хIулараб хIелеко бугилан пикрогун къо-лъикI гьабуна бакъул дуниялалъулгун, хвана.

## КIодоэбелалъул кантIи

Цо росулъ кIудияй эбел яхъун йиго рекIелгъеялъе къватIие. Ясалъул вас вукIун вуго мугъалда ваччун, васасул вас вукIун вуго квер ккун цадахъ. Лъималазул гIададалда васасул васас кIудияй эбелалда абулеб букIун буго: «Доб чуги нилъер, доб бечеги нилъер, дол гIанкIалги нилъер!»-ан. Ясалъул васас абулеб букIун буго: «Доб чуги нижер, доб бечеги нижер, дол гIанкIалги нижер!»-абун.

КIудияй эбелалъ жинцаго жинда абун буго: «Дица гьабулеб жого щиб, нилъеран абулев рукъалъул вас квер ккун вачунев, нижеран абулев мугъалда лъун ваччулев!».

Гьеб сагIаталъ кIудияй эбелалъ васасул вас ваччун вуго, ясалъул вас рещтIинавун вуго.

## ЧIужуялда гьикъе, гIаксалда гьабе

Цо чияс гьикъарабила дибирасда, руччабаз малъараб жо гьабизе бегьилищилан. Дибирас чIванкъотIун жаваб кьун буго бегьуларилан. Валлагь дибир жив витIун ккун вугилан, абурабила суал кьурас, чIужу йикIанила дуе дагьаб нахги, бежараб гIанкIуги, ханалги росейилан. Жинца росичIила. «Вай!» - ян, бетIер хьарсанила дибирас, гIакъилай чIужуялъ малъараб цо-цо жо гьабизе бегьулеб букIарабила.

## БахIарчиги, чабхъенги, къажарайги

Цебе чабхъадул заманалда вукIун вуго цо цIар ргIарав цевехъан. Чабхъад живги вачеян гьаризе арав цо гьалмагъасда гьев ватун вуго гIаку (щар) чIвалев. Дуца, цIар ргIарав бахIарчияс щай щар чIвалеб абун гьикъараб мехалъ, гьес жаваб кьун буго: «БахIарчи эбелалъе ясги вукIине кколев, ясалъе росги вукIине кколев. Бокьани щарги чIвала, ккани чиги чIвала, щвани къажаралда «баба» - янги ахIизабила- ян.

Сайпудин ШЕЙХОВ

# ИНФОРМАЦИЯ

## о проведении месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов Укальской общеобразовательной средней школы «Выпускник- 2016»

В соответствии с приказом Министерства труда и социального развития РД «О проведении месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений «Выпускник -2016» от 02 октября 2015 года № 12-907 в Укальской средней школе с 10.11.2015 по 10.12.2015 года пройдет месячник профессиональной ориентации «Выпускник-2016», основными целями являются: формирование внутренней потребности и готовности к свободному самоопределению; создание благоприятной среды для развития молодежного предпринимательства; развитие молодежной фантазии, противодействие наркомании, токсикомании, алкоголизму; профилактика безнадзорности и совершения правонарушений среди молодежи; содействие учащихся в профессиональной ориентации и выборе оптимального вида занятости с учетом его потребностей и возможностей в социально-экономической ситуации на рынке труда.

ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» КУРБАНОВ А.Р

*нилъер росаби*

ЧIилда росу



## ЛЪАЗАБИ

Билун буго Начада администрациялъул советалъул печать ва гьединго гьебго администрациялъул нотариалиял ишазул печатьги. Гьеб кIиябго хIакъикъияблъун рикIкIунаро.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:** ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж II00 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00
фактически: 19.00 16.10.2015
Заказ ___________